АДЫГЭ ХАБЗ



1

Ныбджэгъу цIыкIухэр!

Адыгэ лъэпкъым игугъапIэр шъоры. Лъэпкъым ыпсэр — бзэмрэ хабзэмрэ. Адыгабзэр жъугъэбэгъонэу, адыгэ хабзэм шъурыгъозэнэу, адыгэм игъашIэ лъыжъугъэкIотэнэу тышъущэгугъы!

Тхылъыр зыгъэхьазырыгъэхэр

Унэрэкъо Мир

АДЫГЭ ХАБЗ

Апэрэ классым пае учебник

Адыгэ Республикэм гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ ыштагъ



Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапI
2007

УДК 373.167.1:395(=352.3) + 395(=352.3)(075.2)
ББК 74.268.77 Я 71
У 26

**Адыгэ Республикэм ипрезидентыгъэу
Шъэумэн Хьазрэт игукъэкlрэ имылъкурэ хэлъэу тхылъэу «Адыгэ хабзэр»
къыдэкlы**

Iорылуатэмкlэ Iэпылэгъур — **Унэрэкъо Рай**
Методикэмкlэ Iэпылэгъухэр — **Цуекъо Алый, Джыгунэ Мариет**

Унарокова М. Ю.

У 26 Адыгский этикет. Учебник для 1 класса./Худож. Берсиров А. М., Абакумова Е. В.— Майкоп: Адыг. респ. кн. изд-во, 2007.— 80 с.

Апэрэ классым ис кlэлэцlыкlухэр «Адыгэ хабзэм» зэреджэщтхэ тхылъыр унэгъо кlоцl хабзэхэм, сэлам хыкlэхэм, Iэнэ зехьакlэм, гъогу шэн-хабзэхэм ыкlи ижъырэ джэгукlэхэм яхьылIагъ.

ISBN 978-5-7608-0553-9

ТИIЭПЫIIЭГЪУХЭР


Мыр Гунэс


Мыр Усэрэжъ


Мыр Iушыц

ТЫЗЭРЫГЪОЗЭРЭ ТАМЫГЪЭХЭР

– дэгъу	P – ребусыр къашIэ
– дэи	– кIэлэегъаджэр къеджэ
– гущыIалъ	– видеосюжетым еплъ
– зэнэкъокъум хэлажь	– унаIэ тедз
– ушъый	– сурэт къэгъэлъэгъуапIэу тхылъым дэтым кIо
– интернетым щылъыхъу	– орэдым едэIу
– фотовернисажым кIо	– гъэцэкIэнхэр
– упчIэхэр	X – хырыхыхьэр къашIэ
– гущыIэжъ	– Iанэр зэгъэзафэ

АДЫГЭ РЕСПУБЛИКЭР



Республикэу **Адыгеир** – адыгэ хэгъэгу. Адыгеир Урысыем щыщ.

Сэ **сыадыг**. Адыгеир сэ **сихэку**. Адыгеим адыгэхэр, урысхэр, ермэлхэр, тэтархэр (къэндзалхэр, нэгъойхэр), грекхэр (урымхэр), чеххэр, болгархэр щэпсэух. Мыхэр **лъэпкъ** зэфэшъхьафых. ЗэкIэми тызэкъот, тызэныбджэгъу, Адыгеир зэдытихэку.



АДЫГЭ
ЛЪЭПКЪ
ХЭГЪЭГУ
ХЭКУ



Адыгэ ныбжьыкIэ джэгу



Урысхэм ядин мэфэкI



Грекхэм янысащ




Чеххэм ямэфэкI



Тэтархэм ясабантуй

АДЫГЕИМ ЩЫПСЭУРЭ ЛЪЭПКЪХЭР.



Адыгэ   Урыс   Ермэлы

Болгар   Грек (урым)   Тэтар (къэндзал)   Чех

ЕРМЭЛЫ → ЛЪЭПКЪ ← ГРЕК

АДЫГЭ → ЛЪЭПКЪ ← ЧЕХ

УРЫС → ЛЪЭПКЪ ← БОЛГАР

ТЭТАР → ЛЪЭПКЪ

ПЫРАМЫБЖЬЫР МЭШЪХЬАЛЪЭ, ШЪХЬАДЖ ЫЛЪЭПКЪ ЕОЖЬЫ

Мэщбэшlэ Исхьакъ



Адыгэхэр.

Щэпсэух дунаим адыгэ лъэпкъхэр,
Дахэшъы дахэ ягугъэ нэпкъхэр.

Тыгъэм кlэгушlух. Ощх дахи
пэплъэх,
Яхьэсэ шlагъуи чlылъэм
щэшъхьалъэ.

Цlыфыр къафэхъумэ,
гушlуагъом пае,
Шхончкlэ ошъогум, огум дэуаех.

Насып къежьапlэр чъыгкlэ
фаублэ,
Къыфэкlмэ, блэкlрэм фэхъун
жьаупlэ.

Щэпсэух дунаим адыгэ лъэпкъхэр,
Дахэшъы дахэ ягугъэ нэпкъхэр.

  «Адыгэхэр». Орэдым щыщ пычыгъо зэгъашlэ.

АДЫГЭ ХАБЗЭР


АДЫГЭ ХАБЗЭР ИЖЪЫРЭ УАХЪТЭМ.



Лъэпкъ пэпчъ бзэ шъхьафкIэ мэгущыIэ. Лъэпкъыр ишъуашэкIэ къахэщы. Лъэпкъ пэпчъ хэбзэ шъхьаф рэлажьэ. Хабзэр зекIуакIэм ишапхъ. Адыгэ хабзэр гупшысэкIэ псыхьагъэ.











БЗЭ	ШАПХЪ
АДЫГЭ	ЕТIЭБАЙ
АДЫГАГЪ	КIЭПЩ
АДЫГЭ ХАБЗ	ПIУАБЛ
БЗЫПХЪ	ОНДЖЭКЪ

 **ХАБЗЭР — БЗЫПХЪ**

АДЫГЭ ХАБЗЭР ДЖЫРЭ УАХЪТЭМ.



Адыгэхэр лъэпкъ шъхьафых. Адыгэхэм яхабзэхэри шъхьафых. ЩыIакIэр зэокIы. Ащ дакIоу хабзэми зэхъокIыныгъэхэр фэхъух. Ау адыгэ хабзэм сыдигъуи ыкупкI къэнэжьы.



Хабзэр адыгагъэм щыщ!



БЫСЫМ
ХЬАКIЭ
ГЪУНЭГЪУ
ФЭСАПЩ!
КЪЕБЛАГЪ



- Сурэтхэр зэгъапшэх, зэрэзэтекIыхэрэр къыхэгъэщ.
- Мы сурэтхэр зэфэзгъадэрэр къэIуат.



«ХьакIэм зэрэпэгъокIыхэрэр»

ЕГЪЭБЛЭГЪЭНЫР.



Унагъом щымыщ щагум къыдахьэмэ, адыгэ хабзэм тетэу пэгъокIых.

– Къеблагъ! – аIошъ, унэм къыраща. Ар жантIэм агъэтIысы.

Зежьэжьыкlэ дэкIуатэх.

– Гъогу маф! – аIозэ агъэкIотэжьы.



ЖАНТIЭ

ПЭГЪОКIЫН



АДЫГЭ ХАБЗЭР АТЭ КIЭНЫЖЪ



Гупшыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс!

ТИУНАГЪО ИСХЭР.



Нэнэжъ махъэ. Тэтэжъ телевизорым еплъы. Iушыцэ сэ **сшы**. Мыр **сят**. Мыр **сян**. Сятэ гъэзетым еджэ. Iушыцэ десэхэр зэрегъашIэх. Сянэ ащ дэIэпыIэ. Сэ компьютерым сыкIэрыс.



НЭНЭЖЪ	ТЫ
ТЭТЭЖЪ	ШЫПХЪУ
НЫ	ШЫ

 **НЫШЪОР ШЪОУПСЫ**

Р


1. + + жъ 2. + пхъу

УНАГЪОМ ИС ЛІЭУЖХЭР.

Адыгэ унагъор лІэужищэу зэхэт. Нэнэжъырэ тэтэжъырэ сятэ къатекІыгъ. Сятэ тэ тыкъытекІыгъ.



Унагъом ис лІэужищым апэрэр — нанэрэ татэрэ. ЯтІонэрэр — нымрэ тымрэ. Ящэнэрэр — тэры, сабыйхэр, Іушыцэрэ Гунэсрэ.





Нэхэе Руслъан

Жъогъо къопитф.

Апэрэ къуапэр –
Сян;
ЯтIонэрэ къуапэр –
Сят;
Ящэнэрэ цыпэр –
Сшыпхъу.
ЯплIэнэрэр –
Сшы;
Ятфэнэрэр –
Сэры;
Тиунагъо исыр джары.



Хэта шъо шъуиунагъо исхэр?

ТочкищмэачIыпIэ итын фэе гущыIэр зышIэрэм ыIэ къерэIэт, етIанэ къерэIу.

Сэ тэтэжъ сиI. Ащ ыцIэр ... (ГъучIыпс).
Сэ нэнэжъи сиI. Ащ ыцIэр... (Нэфсэт).
Сэ сятэ ыцIэр ... (Пщымаф).
Сянэ ыцIэр ... (Гощмаф).
Сэ сцIэр ... (Iушыц). Сэ апэрэ классым сыщеджэ.
Сэ шыпхъу сиI. Ащ ыцIэр ... (Гунэс).
(Казбек)... сэ сятэш. Сятэшыпхъур – ... (Марет).



- Сыд о уянэрэ уятэрэ ацIэхэр?
- Сыд уятэшымрэ уятэшыпхъумрэ ацIэхэр?

УНЭГЪО КIОЦI ХАБЗЭХЭР.



Нанэ ыIорэм едэIу,
Iофтабгэ ащ зыфэшI,
ШIэ зыфиIорэр гъэцакIэ.



Татэ къихьэмэ фэтэдж,
Тэджи пхъэнтIэкIу фэгъэкIуат,
ЕкIотэкIи пчъаблэм уцу.



ЛЪЫТЭНЫГЪ
ШЪХЬЭКIЭФАГЪ
ПЧЪАБЛЭ
IОФТАБГЭ



Уижъ ыIорэр шIэ, уикIэ ышIырэр шхы



Нэхэе Руслъан

Ушъый.



Хъупхъэу зекlo,
сикlэлэ нагъу,
Узщапlугъэр
адыгэ унагъу.

Набгъохэр чъыгмэ
къямыутэх,
Нэнэжъыр къакlомэ
гъогум фыдэх.

Ощ нахь цlыкlум
пlапэ фэщэй,
Бгъэщтэнэу зыкlи
зытемыщай.

Еджэныр армэ,
къызтемыгъакlox,
Пшысэ уфаемэ
тхылъыр зэгох.



Нахьыжъым узэрэдэзекlон фэе хабзэхэр усэм къыхэгъэщ.

АТЭШХЭР.

Зынрэ зытрэ къахэкIыгъэ цIыфхэр зэIахьылых. Сэ сятэкIи сянэкIи Iахьылхэр сиIэх.

Сятэшымрэ сятэшыпхъумрэ сятэкIэ сиIахьылых. Сятэшымрэ сятэшыпхъумрэ тиунагъо къихъухьагъэх. Ахэр тилIакъо щыщых.



Сэ сызиIахьылхэр

Сэ сиIахьылхэр

Iушыцэ сыришыпхъу — Iушыцэ сшы

Гощмафэ сырипхъу — Гощмафэ сян

Пщымафэ сырипхъу — Пщымафэ сят

ГъучIыпсэ сырипшъашъ (ыкъом сырипхъу) — ГъучIыпсэ сятэжъ

Нэфсэт сырипшъашъ (ыкъом сырипхъу) — Нэфсэт сянэжъ

Марет сыришыпхъу нахьыкI — Марет сятэшыпхъу

Казбек сыришыпхъу нахьыкI — Казбек сятэш

СЭРЫ (Гунэс)

КЪО АТЭШЫПХЪУ
ПХЪУ БЫН IУЖЪУ
ЛIАКЪУ IАХЬЫЛ
АТЭШ




БЫН IУЖЪУ — ГЪЭБЭЖЪУ

Сурэтым еплъи атэш-атэшыпхъухэр къыхэгъэщых.

2 Заказ 0169





ПХЪОРЭЛЪФРЭ ХЪАНРЭ ЗЭФЭДЭ



АНЭШ
АНЭШЫПХЪУ
ПХЪОРЭЛЪФ



☝ **Анэшхэр лІэкъо шъхьафых.**

Мыхэр тиунагъо щыщых.


Нан

Нан


Тат

Тат


Сят



Сян




Сятэшыпхъу

Сянэшыпхъу

Сятэш

Сянэш



Анэшхэр адыгэ унагъом щыщхэп.


Сянэ янэрэ ятэрэ, сянэ ышрэ ышыпхъурэ сыда тиунагъо исурэт зыкIимытхэр?


НэкIубгъоу 20-м Гунэс иунагъо исурэт еплъ, ятэшыпхъумрэ ятэшымрэ а сурэтым къыхэгъэщи ацIэхэр къеIу.

ГУЩЫIЭ ЗЫХЭТ ШIУФЭСЫР.







Нэбгырит|у зызэ|ук|эхэк|э ш|уфэс зэрахы. Ар лъэпкъ пстэуми яхабз. Ау сэлам зэрахырэ шык|эмк|э лъэпкъхэр зэтек|ых.



Адыгэхэм:

– Уипчэдыжь ш|у!
– Уимафэ ш|у!
– Уипчыхьэ ш|у!







Урысхэм:

– Здравствуй! (Псауныгъэ уерэI!)

Е адыгэхэм афэдэу:

– Доброе утро, добрый день, добрый вечер! (Уипчэдыжь шIу, уимафэ шIу, уипчыхьэ шIу!)


Грузинхэм (гурджхэм):

– Гамарджоба! (ТекIоныгъэ огъот!)

– Гагимарджос! (Ори текIоныгъэ огъот!)


Нэмыцхэм, адыгэхэм афэдэу:

– Гутен морген, гутен таг, гутен абенд! (Уипчэдыжь шIу, уимафэ шIу, уипчыхьэ шIу!)





- Сыда адыгэхэр сэламымкIэ зыфэлъаIохэрэр?
- Сыда гурджхэм ясэламкIэ цIыфым фагъэшъуашэрэр?



Адыгэхэмрэ нэмыцхэмрэ ясэлам хыкIэ зэфэдэу хэтыр къыхэгъэщ.

СЭЛАМ ХЫКІЭ ХАБЗЭХЭР.



- Унэм къихьэрэм сэлам къехы.
- Щагум дэт бысымым къыдахьэрэм сэлам къырехы.
- Къэлапчъэм дэжь щыт бысымым блэкІрэм сэлам къырехы.
- Гъогум щызэlyкlэгъэ зэнэlocитlym нахьыкlэм сэламыр ехы.
- Нахьыжъым тыдэ ущыlукlагъэми, о сэлам ех.
- Уиныбджэгъу адрэ урамыбгъум рэкlомэ шъырытэу, умыlэо-лъаоу ыкlи умыджэу lэутlэклэ сэламыр ех.
- Классым узихьэкlэ зэклэми афэгъэхьыгъэу шlуфэс ях.





- Кум е машинэм уисмэ, Iэ джабгъур оIэтышъ сэламыр ащкIэ фэогъэхьы.
- Кум е машинэм исым IэутIэкIэ сэлам къызыуихкIэ, ущысмэ уфэтэджы, шъхьащэ макIэ фэошIы, ущытмэ – Iэ джабгъу IэтыгъэкIэ сэламым еогъэгъэзэжьы.
- Гъогум щызэIукIэгъэ зэмынэIосэ нэбгыритIум яззу упчIэ горэ зиIэр ары сэлам зыхырэр.
- Купым сэлам езыхырэр зизакъор ары.
- ЕджапIэм зэлэгъухэр щызэIукIэхэмэ апэу гу лъызытэрэм сэламыр ехы.
- Пшъэшъэжъыерэ шъэожъыерэ зэIукIэхэмэ сыдигъокIи сэлам апэу зыхырэр шъэожъыер ары.

ЦIыфхэр зыщызэIукIагъэм елъытыгъэу сэлам зэрэзэрахырэм еплъ.

- Щагум дэт бысымымрэ къыдэхьагъэмрэ яззу хэта сэлам зыхырэр?
- Унэм къихьагъэмрэ унэм исымрэ яззу хэта сэлам зыхырэр?
- Къэлапчъэм щыт бысымымрэ блэкIрэмрэ яззу хэта сэламыр зыхырэр?
- Кум исэу блэкIрэм сэламэу къыуихыгъэм сыдэущтэу ебгъэгъэзэжьыщта?
- Уиныбджэгъоу адрэ урамыбгъум рыкIорэм сыдэущтэу сэлам къыуихын фая?
- Пшъэшъэжъыерэ шъэожъыерэ зэIукIэхэмэ хэта апэу сэлам зыхырэр?
- Купым хэта сэлам езыхырэр?
- Гъогум щызэрихьылIэгъэ зэмынэIосэ нэбгыритIум яззу хэта сэлам зыхырэр?

ІЭПЭУБЫТЫР ЗЫХЭТ СЭЛАМЫР.



• **Нахьыжърэ нахьыкlэрэ** зэlукlагъэмэ: гущыlэкlэ шlуфэс зыхрэр нахьыкlэр ары, ау lапэр къэзщэирэр нахьыжъыр ары.

• **Бзылъфыгъэрэ хъулъфыгъэрэ:** хъулъфыгъэм сэлам ехы, ау lапэр къэзыщэирэр бзылъфыгъэр ары.

Шъощ фэдэ кlэлэцlыкlумэ аlапэ зэрагъэубытырэп!

• Гъогубгъуитlум шъуатетэу шъузэрэлъэгъугъэмэ: гущыlэ сэламым ычlыпlэкlэ lэ джабгъур шъоlэты.

• О шъхьаныгъупчъэ Іухыгъэм уІутэу уиныбджэгъу гъогум рыкІозэ шъузэрэлъэгъугъэмэ: ІэутІэкІэ сэлам зэшъохы.
• О кум (машинэм) уисэу ныбджэгъур якъэлапчъэ Іусмэ, ар къэтэджы, шъхьащэрэ ІэутІэрэ къыпфешІы. О щысыпІэм тІэкІу зытеоІэтыкІы, ІэутІэрэ шъхьащэрэ фэошІы.
• Театрэм шъучІэсэу чыжьэкІэ шъузэрэлъэгъугъ: шъузэІогушІо, пхъэнтІэкІум зытешъоІэтыкІы, шъхьэщэ макІэ зэфэшъошІы, шъуаУж е къыжъугосхэм шъуизэрар ямыкІынэу.

Театрэм ІэутІэ щыпшІыныр екІурэп!

• ІэпэубыткІэ сэлам зэзыххэрэр зыныбжь икъугъэ хъулъфыгъэхэр ары.

Ау бирамым нахьыжъхэм янэкІ-нэмаз къабыл хъунэу уафэлъаІо зыхъукІэ, уцІыкІуми унахьыкІэми, упшъэшъэжъыеми ушъэожъыеми нахьыжъым ыІапэ зыубытын фаер оры.



• КинотеатрэмшъучІэхьагъэу уиныбджэгъу сатырэ зытфыхкІэ уапэ исэу плъэгъугъэ. Сыдэущтэу сэлам епхын фаеу хабзэм къыдилъытэра?
• ЕджапІэм ублэкІзэ, уиныбджэгъу шъхьаныгъупчъэм Іутэу къэплъэгъугъ. Ащ сыдэущтэу сэлам епхыщта?
• Уиныбджэгъу кум исэу ІэутІэ сэламрэ шъхьащэрэ къыпфигъэхьыгъ. О сыдэущтэу сэламым ебгъэгъэзэжьыщта?
• Бирамым нэкІ-нэмазыр къабыл хъунэу сыдэущтэу нахьыжъхэм афэлъаІохэра?

УНЭГЪО КIОЦI СЭЛАМЫР.

Пчэдыжь къэс уиунэ укъикIыным ыпэ гъунджэм иплъ, пшъхьэ тежьыхь, зэупхъужь.

Унагъом исхэм пчэдыжьым апэу узаIукIэкIэ сэлам ях:

– Уипчэдыжь шIу, нан! (тат, мам, пап, Гунэс, Iушыц!...)

Гъунэгъум Iоф иIэу шъуищагу къыдэхьагъэу дэтмэ, е шъуикъэлапчъэ Iутмэ, о сэлам ех (сыда пIомэ оры унэм къикIыгъэр – гъунэгъур щагум дэт).




Уикъэлапчъэ дэжь о ущытэу гъунэгъур блэкIымэ, сэламыр зытефэрэр гъунэгъур ары, ар уилэгъумэ.

Ау о укIэлэеджакIу, гъунэгъоу блэкIырэр ощ нахьыжъмэ: сэламыр къызбгъодэкIырэр оры.



Шъэожъыхэм дин шъуашэм итэу сэлам зэрахырэп! Анахь емыкIур — шъэожъыем нахьыжъым «Сэлам алейкум!» ыIоу шIуфэс рихымэ ары.



- Сэлам хыкIэхэу зэжъугъэшIагъэхэр уиныбджэгъурэ оррэ къэжъугъэлъагъу.
- Сурэтым еплъ. Унагъом щыщхэм цIэ афэус. Сурэтым иплъагъохэрэр къэIуат, ащкIэ мы упчIэхэр гъэфедэ.



- Хэта мы унагъом исхэр?
- Сэламыр хэта къэзыхрэр?
- Унагъом исхэм сыд фэдэ джэуапа ратыжьын фаер?

Нэбгырэ пэпчъ цІэ шъхьаф иI. Сабыир къызыхъукIэ унагъом нахьыжъэу исым е хьакIэу къырихьылIагъэм цIэ феусы. Цыф цIэрыIомэ ацIэхэр аусэу хэбзагъэ.

Ижъырэ адыгацIэхэр: Дэхэнагъу, Гощмаф, Гощнагъу, Мэзагъу, Пэрыт, Шыумаф, Пщымаф.

Джырэ уахътэм аусыхэрэр: Аид, Рузан, Свет, Анзор, Тембот, Хьазрэт.



А зы нэбгырэм цӀищ иӀэн ылъэкӀыщт: цӀэу зэратхырэр – Нэфсэт, ныцӀэр – Куку, нысэр къызэреджэрэр – СиӀэшӀу.






Узэратхырэ цӀэмрэ уянэ къызэрэуаджэрэмрэ зэтефа?


- Къыбдеджэхэрэм нэӀуасэ зафэшӀ:
- – Сэ сцӀэр Ӏушыц. О сыд пцӀэр?
- – Сэ сцӀэр Гунэс (..., ...)
- Мы цӀэхэм шъукъядж. Пшъэшъэжъыехэмрэ шъэожъыехэмрэ афаусрэ цӀэхэр къыхэжъугъэщых:

Нэфын	Мурат
Айдэмыркъан	Марыет
Темыркъан	Нарт
Нурыет	Байзэт
Лауркъан	Мыхьамэт
Сурэт	Марзыет
Гощэфыжь	Сафыет

ИЖЪЫРЭ ШХЭН ХАБЗЭХЭР.



ХьакIэщ Iанэр бысымгуащэм зэрегъафэ. Iанэр зэгъэзэфэгъахэу Iушыцэ хьакIэщым къехьы. ХьакIэр жантIэм дэс. Бысымыр пхъэнтIэкIужъыем тес. Апэ пIастэрэ лыгъэжъагъэрэ зы Iанэм тетэу къахьыгъ. Ар зашхым а Iанэр рахыжьыгъ. ЯтIонэрэ Iанэм лыгъэжъогъэ лэпс тетэу къахьыгъ. ЛэпскIэ шхэныр аухыщтыгъ.

ЦIЫФЫШIУ ИIАНЭ ШЫГЪЭ



Ижъырэ шхэн хабзэхэм ащыщэу сурэтым иплъагъорэр къаIо.

ДЖЫРЭ ШХЭН ХАБЗЭХЭР.



Шхэн хэбзэ шIуфаIохэр.


– Гухахъоу ошх!
– Тхьауегъэпсэу! Къыздэошх! Iанэм къеблагъ! КъэтIыс!
– Тыжъугъэтхъагъ, Тхьэ шъуегъэтхъ! Шъуигъомылэ Тхьэм егъэбагъу!
– Уихьалэл!




Бэ умышхэу зыгъэшхэкI!



Х Хырыхыхьэхэр сурэтхэмкIэ къашIэ.



Зэшищ зы пIаIо ашъхьарыгъ.
Мэл фыжь псыбашъу.
Чэт фыжь къупшъхьэнчъ.
ЛIыжъ цIыкIу щыгъу бэшх.



Ушъыйхэр зыфэгъэхьыгъэр къаIо:

- Ужэ Iулъхьэм къыгуифэу умышх.
- Ушхэ пэтзэ умыгущыI.
- Хэмыфэжьынэу умышх.
- Iапшъэр Iэнэ цакIэм блэмыгъэкI.
- Шхэн хэбзэ гъэуцугъэхэр сыдигъуи гъэцакIэх.

Сиджэмышх.

Гущыlэхэр – Нэхэе Руслъан, орэдышъор – Нэхэе Аслъан

Сиджэмышх сэ гъэлагъэ,
ЧIэсэгъэбы шъоу лагъэм.
Щхыу чъыIэм сырыхаIэ
ЩэпIастэми сыгурэIо.
Тэтэжъ еIо: «Дэгъоу шхэ,
Шхэрэм, сикIал, шIэхэу хэхъо.
Чъыгым фэдэу инэу къэкIы,
Ыпъапсэхэр зэбгырэкIы».
Армэ сэIо, сыодэIу.
Сиджэмышхи къысэлъэIу.
Сырышхэмэ стхьакIыжьынэу,
Игъор къэсмэ къэсштэжьынэу.
СшынахьыкIи къыздэплъые,
Иджэмышх цIыкIужъыеу.
Сиджэмышх сэ – лIы джэмышх,
Сэщ нэмыкIи ащ рымышх.

 **НЫБЭМ ИЛАЖЬЭР IОТЭЖЬЫГЪОШIУ**

ШХАКІЭР.



Шъэжъыер джабгъуІэм ет. Цацэр сэмэгуІэм ет. Джэмышхыр джабгъуІэмкІэ штэ. Хьалыгъур сэмэгуІэмкІэ тэштэ, джабгъуІэмкІэ пытэчышъ, хьалыгъу такъырым темыцакъэу, тыжэ макІэу зэтетхызэ дэтэлъхьэ. Джэмышх Іупэмкіэ стырыпсыр жэм фэтэхьы. Лэпсым тызешъуахэкІэ, лэу лэпсым хэлъыр цацэмкІэ тэшхы. Лыр такъыр инмэ, шъэжъыерэ цацэрэкІэ тэбзы, тэшхы.

Лым зы Іулъхьэ фэдиз ныІэп къыготыупкІырэр.

ЗэкІэ зэхэтыупкІатэу етІанэ тшхыжьы хъущтэп!

Лы хьаджыгъэм хашІыкІырэ шхынхэр шъэжъыекІэ аупкІатэрэп, цацэкІэ къыгуахызэ ашхы (котлетыр, тефтелыр).

ФЫГУКІЭР ЛЪЭКІАПІ

Жэнэ Къырымыз

Щысэ атесэхы.

Сяни, синэнэжъи,
Сэ сшыпхъу нахьыжъи,
Хэти агъэразэу
Пщэрыхьэкlо lазэх.
Щыбжьый дагъэр есэу
Іэшlубзэу стырыпси,
Гум рихьэу лы щыпси
ПсынкІэу къытфагъэсы.
ПфашІыщт псы хьалыжъуи,
Къаштэщт щэтэ Іужъуи,
Фыжьэу хьалыгъу фаби
Тхъоплъэу щэлам шъаби.
Пшъхьапэу чэтылыбжьи,
ПІэстэ лэтхъу фыжьи
Нэрэ-Іэрэ къагу
КъашІы уиІэнэгу.
КІэнкІэ щылыбыри,
Лы хьалыжъо стыри,
НэмыкІ шхыныгъуипшІи
ФашІэ иІэу къашІы.

Сяни, синэнэжъи,
Сэ сшыпхъу нахьыжъи
Щысэ атесэхы,
Ялъагъо хэсэхы.



Сыд фэдэ адыгэ шхынха усэм зигугъу къышlыхэрэр?



- Зэбгъэшlагъэхэр еджапlэм ишхапlэ щыгъэцакl.
- Мы сурэтхэм яплъ. Шхыныгъохэм ацlэхэр къаlох.











ГЪОГУ ШЭН-ХАБЗЭР.

Нэбгыритlу лъэсгъогум рэкlомэ:
1. Хъулъфыгъитlу: нахьыжъыр иджабгъу.
2. Бзылъфыгъитlу: нахьыжъыр иджабгъу.
3. Зы бзылъфыгъэрэ хъулъфыгъэрэ – сыдигъокlи бзылъфыгъэр иджабгъу:

- ятэрэ ыпхъурэ: пхъур иджабгъу;
- ышрэ ышыпхъурэ: шыпхъур иджабгъу;
- янэрэ ыкъорэ: ныр иджабгъу;
- ятэжърэ ипхъорэлъф пшъашъэмрэ: пхъорэлъф пшъашъэр иджабгъу;
- икlэлэегъаджэрэ ригъаджэрэ пшъашъэмрэ: пшъашъэр иджабгъу.

Нахьыжъым уебгъукlо пшlоигъомэ, сэмэгубгъур штэ
Уапэ итым укlахьэмэ, сэмэгубгъур штэ
Нахьыжъым игъогу зэпачырэп
Нахьыжъым кlэлъыджэхэрэп – лъэкlох

Кlэрэщэ Тембот

Шыу закъу.



... Нахь благъэу къызекlуалlэм, кlалэр къепсыхыгъ. Иш ечэпауи, гъогум тыригъэкlыгъ, ежьыри гъогум дэхи Ерстэм къыпаплъэ фэдэу, гъогу напцэм къыщыуцугъ. Гумэкlы-

гъо горэ ыгу илъ пlонэу, шхомлаклэр lэпитlуклэ ылотэу еплъыхэу гъогубгъум щытэу ар къежэ фэдагъ.

Ерстэм зыбгъодахьэм, шъхьэклэфэшlэу клалэм ылитlу ридзыхи ышъхьэ къыlэтыгъ.

– Гъогу мафэ уежь-апщи, Залыкъо Ерстэм! – сэлам къырихыгъ клалэм.

Ерстэми зыригъэлъэтэхыгъ, шыр иlэдэжьэу бгъодахьи ылэ фищэигъ.

– Насыпышlо охъу, сшынахьыкl! – пигъодзыжьыгъ.

– Сэщ фэдэм пае укъепсыхын фэягъэп! Шlуфэс осхы сшlоигъуагъэ нахь, нэмыкl lоф зи силэп, укъепсыхэу угумэклын фэягъэп,– къыlуагъ клалэм, ылапэ къыубыти.

Пытэ хьазырэу клалэм Ерстэм ылапэ къыфызыгъ...

Ерстэмрэ клалэмрэ сэлам зэрэзэрахыгъэр къаlо.

УЦУКlЭ ХАБЗЭХЭР.

Клалэхэр хьаклэщ пчъаблэм гоуцохэти, пкъэужъыер alыгъэу щытыщтыгъэх.

Хьаклэщым «лъэкъо зэблэхъу» щыпшlыныр емыклущтыгъ.

Пlэ уиджыбэ илъэу ущытыныр – емыклу.

Лъакъор lудзыгъэу хъущтыгъэп: лъэдакъэр зэнэсэу, лъапэхэр тlэклу lудзыгъэу, е джабгъу лъапэр тlэклу



ыпэ итэу, джабгъу лъэдакъэр сэмэгу лъэкIоцIым егъэкъугъэу ущытыныр хабзэм екIу.



 «ЗекIокIэ хабзэхэр».



- Сыд фэдэ уцукIэхэр хьакIэщымкIэ емыкIущтыгъа?
- Сыд фэдэ уцукIэ хабзэха кIэлэ ныбжьыкIэхэм хьакIэщым щызэрахьэщтыгъэхэр?

МэщбэшIэ Исхьакъ



АнахьыкIэм иуцукI.

Ситэтэшхо шыуш дах,
Шыуш дах,
Сыздищэщтыр къушъхьэ лъаг,
Къушъхьэ лъаг.
Шэсы зыхъурэм илъэрыгъ,
Илъэрыгъ,
Нахьыжъ хабзэу сэ дэсIыгъ,
Сэ дэсIыгъ.
Сэмэгубгъуми сыготын,
Сыготын,
Лъэхъу егъэхъуми зыдестын,
Зыдестын.
Шыуищ тыхъуми сыгушIон,
СыгушIон,
Джабгъу лъэныкъом сыуцун,
Сыуцун.

Санахьыкlэшъ ар сичlыпl,
Ар сичlыпl,
Анахьыжъхэр сэ силъапl,
Сэ силъапl.



- Тэтэжъыр зышэскlэ кlалэм сыда ышlэрэр?
- Шыуищым анахьыкlэр тара чыпlэу зыдэщытын фаер?

ТIЫСЫКIЭ ХАБЗЭХЭР.



Нахьыжъыр жантIэм щыс, нахьыкIэр пчъаблэм гот.

Нахьыжъыр щыс, нахьыкIэр шъхьащыт.

НыбжьыкIэхэр нахьыжъ Iанэм пэтIысхьэхэрэп.

Нэнэжъыхэр зыщызэхэсыхэм пшъэшъэжъыехэр кIоу ахэтIысхьэхэрэп.

Пшъэшъэжъыем ылъакъо зэтыридзэу тIысыныр екIурэп.



ТIысыкIэ хэбзэ екIухэр гъэцакIэх!



- ТIысыкIэ зэфэшъхьафхэм екIоу ыкIи емыкIоу ахэтхэр къаIо.
- Сурэтым еплъ. ЩысыкIэ хабзэхэр зыфэдэхэр къаIо.

ЩЫТЫКIЭ ХАБЗЭХЭР.



• Нэбгыритlу зэгъусэмэ: нахьыжъыр джабгъумкlэ, нахьыкlэр сэмэгумкlэ щытэу маклох.



• Нэбгырищ пшъэшъэжъые е шъэожъые закlэу зэгъусэхэмэ: анахьыжъыр азыфагу итэу, анахьыкlэр ащ иджабгъукlэ, гурытыр анахьыжъым исэмэгукlэ щытхэу маклох.



• Шъэожъыитlурэ зы пшъэшъэжъыерэ зэгъусэхэмэ: пшъэшъэжъыер азыфагу итыщт, шъэожъые нахьыкlэр ащ иджабгъукlэ, шъэожъые нахьыжъыр пшъэшъэжъыем исэмэгубгъу щытын фае.



• Пшъэшъэжъыит|урэ зы шъэожъыерэ зэгъусэхэмэ: азыфагу пшъэшъэжъые нахьыжъыр итын фае, ащ иджабгъукІэ шъэожъыер щытыщт, сэмэгумкІэ пшъэшъэжъые нахьыкІэр щытыщт.

УНАГЪОМ ЩЫЩХЭР ГЪОГУ ТЕХЬЭХЭМЭ.



• Нымрэ тымрэ зэгъусэхэмэ:
тыр (лІыр) джабгъумкІэ щытыщт,
ныр (шъузыр) сэмэгумкІэ щытыщт.



• Ятэрэ ипшъашъэрэ зэгъусэхэмэ:
пшъашъэр джабгъумкІэ щытын фае,
ятэ сэмэгумкІэ щытыщт.



- Янэрэ ыкъорэ зэгъусэхэмэ:
  янэ – джабгъумкIэ,
  ыкъо – сэмэгумкIэ щытыщт.



- Ышырэ ышыпхъурэ зэгъусэхэмэ, нахьыжъым емылъытыгъэу:
  ышыпхъу – Гунэс – джабгъумкIэ,
  ыш – Iушыцэ – сэмэгумкIэ щытын фае.

Ныбжьым емылъытыгъэу бзылъфыгъэм сыдигъуи нахьыжъыгъэ шъхьэкIафэр фагъэшъуашэ.



Хэта джабгъум щытын фаер? Сурэтмэ къахэгъэщ.

- Нымрэ тымрэ зэгъусэхэмэ хэта джабгъум щытын фаер?
- Ятэрэ ыпхъурэ зэгъусэхэмэ хэта джабгъум щытын фаер?
- Ным ипшъашъэрэ икIалэрэ игъусэхэмэ хэт сыд фэдэ бгъум уцун фая?
- Тым икIэлитIу игъусэмэ хэта джабгъумкIэ щытын фаер?

ШЪХЬЭКІЭФЭ ХАБЗЭМ ЩЫЩХЭР.

Цlыфым **шъхьэкlафэ, лъытэныгъэ** фэпшlын фае.


Шъхьэкlафэр зифэшъуашэхэр: нахьыжъыр, унагъом (нэнэжъ, тэтэжъ, ны, ты, атэшыпхъу, атэш, анэшыпхъу, анэш), гъунэгъур, ныбджэгъур, хьакlэр.






Шъхьэкlэфагъэр хэта зифэшъуашэр?

ЛЪЫТЭНЫГЪЭР КЪЫЗЩЕЖЬЭРЭР.



Шъхьэр къызихьэрэм, ппкъы фэlэт

- **УКIЫТЭМ ЦIЫФЫР ЕГЪЭДАХЭ**
- **УИЖЪ БГЪАШIОМЭ, ЦIЫФМЭ ШIУ УАЛЪЭГЪУН**

Тара шъхьэкlэфагъэр къэзгъэлъэгъорэ зекlуакlэхэр?

- нэнэжъыр гъогум зэпыригщыгъ;
- тэтэжъ щытэу кlалэр тlысыгъэ;
- нахьыжъым сэлам рихыгъ;
- бзылъфыгъэу хьылъэ зыхьырэм ебгъукlуагъ;
- янэ ыlорэр егъэцакlэ.

ХЫРЫХЫХЬЭ ТЕЩІЭ.



Гунэсрэ Іушыцэрэ **хырыхыхьэ** ешІэх. Зыр мэупчІэ, адрэм къешІэ. Джэуапыр зымышІэрэм хы е къуаджэ еты.

Къыуатыгъэр пІамыхыжьыным пае:

— Къэсэхь, къэсэшх, сІызыхыжьырэр харэтІ, ратІых. Нарт ямыжъошхуи тырагъэожь! — Іуи теІо фэшІ. Мыр джэгукІэ хабз.



Іушыцэрэ Гунэсрэ хырыхыхьэ мэджэгух.


Іушыц: – Хырыхыхьэр едгъэжьагъ. Зыкlэ тlаркъо, бгыкъур зиун.– Къашlэ!
– Сшlэрэп.
– Къуаджэ къысэти осlотэн.
– Джэджэхьаблэ осэты.
– Пцlашхъу.

Х

1. Мы сурэтмэ яхьылlэгъэ хырыхыхьэхэр къыхэгъэщых.





- Зышъхьэ матэ, зыкlэ Іэгуау.
- Мэкlo зэпыт, лъэбэкъу щиз ыкlурэп.



2. Хырыхыхьэр игъэкъужьи, къашlэ.

Шъхьантэм тесмэ тхьаркъо, ...

ПЭIОКIАДЗ.



Джэгуныр джэгу зэхащэкIэ аублэу хабзэ. **Лэжъ** хадзы. Ар джэгурэмэ япащ.

— КIалэхэр, кIалэхэр, тыжъугъэджэгу! — еIо Лэжъым.

— СыдкIэ, сыдкIэ тыджэгун? — аIозэ джэгущтхэр къыхэзэрэщых.

— ПэIокIадзэ тыджэгущт,— еIо Лэжъым.

Етӏанэ къэзэрэлъытэх. Лъытакӏэхэр зэфэшъхьафых: зымэ дэе бэщыр зэӏэпахы. Адрэхэм гущыӏэкӏэ къалъытэ.

Іушыцэ дэе бэщкӏэ къелъытэ:

Дэе, дае, дэе бэщ,
Дэе мафэ, дэе дышъ.



Гунэс гущыӏэкӏэ къелъытэ:

Хьэнэкӏу, цунэкӏу,
Пшӏыкӏуй, пшӏыкӏубгъу,
Тӏокӏы, щэкӏы.

 **Лэжъым ыӏорэр шӏэ, лэжъым ыӏорэр хабзэ.**



ЛЭЖЪ
ЛЪЫТАКӀЭ
ДЖЭГУ ЗЭХАЩ
ДЭЕ БЭЩ

? Лъытакӏэу тара о къыхэпхыщтыр?

КЪАНГЪЭБЫЛЪ.





Iушыцэ – Лэжъ. Къангъэбылъ ешIэщтыр хэт? Къэтлъытэнэу едгъэжьагъ:

Мышкlу-мышкlу
Мышкlу лъабжъ,
Лъэбжъэукl, Iэкlы, кlыды,
БэгъратIэ, шъхьатыкъыц,
Ецэгъу, егъукl, гъукlэхэх,
Щэр хэхыжь!

«Щэр хэхыжь» зытефэрэр хэкlымэ, хэкlызэ Iушыцэ изакъоу къэнагъ. Сыд ышIэщт?

Iушыцэ зиупlыцIи джагъэ:

Къан, къан, къангъэбылъ,
Къангъэбылъыр едгъэжьагъ.
Щыкlуи ини зыжъугъэбылъ,
Сылъыхъонэу сыкъежьагъ.




- **Джэгуныр – Iофшlэн.**
- **ЗиIоф зыгъэцакlэрэм хъупхъапкlэ ратэу хабзэ.**

Iушыцэ шыонэзэтелъ ратыгъ –

Гунэс быракъ фычlасагъ–

О сыд къэблэжьыгъ –



Хэт мыдаIорэр?
Зызгъэгусэрэр хэт?



МЫДАIОРЭР IАХЬЫНЧЪ



ХЪУПХЪАПКIЭ
ШЫОНЭЗЭТЕЛЪ

Къуекъо Налбый

Къангъэбылъ.

Къангъэбылъы хэт ешlэщт?
Къэсэлъытэ: Лъан цlыкlу, цlыкlужъый –
Пырэжъыер яджыбачl.
Бэчкъан, Къаншъау,
Ныбэм лъапэр егъэжьау.
Шъэомыз, Мырзэбэч...
Адэ Бэч тыдэ щыl? –
Ппэ уимыlабэу тlэкlу зыщыl.
Адэмыкъан, Къэндаур,
Урам сапэр шъуиджэгупl.
Хьазэртал, Лэупакl –
Аlупшlитlуи кlэнкlэ закl.
Бэч, хьажъущырым ыуж икl,
Къэсэлъытэшъ – уахэмыкl.
Бэч, Бэч, цокъэ лъэбыр
Умыулъэбэу занкlэу уцу!
Мыр – Айтэч, мыр – Чэмал,
Школым чlэсмэ шъуанахь lэл.
Мыр – Барыч, мыр – Чэчан
Тlу къэшъухьынкlэ шъо шъучан.
Шъухэлъади, зыжъугъэбылъ.
Къангъэбылъыр едгъэжьагъ.
Ау лъыхъуакlо сыкъежьэщтэп –
☹ Дэир хэты ищыкlагъ?...




● Сыда Iушыцэ лъыхъуакIо зыкIемыжьэщтыр? УсакIом сыда ащ къырирIуалIэрэр?
● Усэм зигугъу ышIырэм фэдэхэр шъо къышъухэта?

ЛЪЭПКЪ БЭНАКIЭХЭР.

Адыгэмэ лъэпкъ кIэлэцIыкIу бэнэкIэ зэфэшъхьафхэр яIэх. Ахэмэ ащыщых шъхьафит банэр, тэмэ шыузэбэныр, лъэкъо игъанэр, лъэбгъур, нэмыкIхэри. КIэлэцIыкIухэм апкъышъол пытэу, лIыгъэ ахэлъэу хъунхэмкIэ ахэр Iэпыгъух.



Iушыцэ лъэпкъ кIэлэцIыкIу бэнакIэхэр ешIэх. Ахэмэ ащыщэу тэмэ шыузэбэныр иныбджэгъумэ аригъэлъэгъуи, зэдэджэгугъэх.

Ори а джэгукIэр зэгъашIэ.

Лъэустэн Юсыф

Тэмэ шыузэбэн.

КIэлэцIыкIухэр тIурытIоу зэгъусэхэу ЛэжъитIумэ адэжь къыIухьэхэзэ, чэзыу-чэзыоу, зыхагъадэх. Лэжъыхэр анахь иныIохэр е нахь зэхэщэкIо чанхэу ахэтхэр арых. НэбгыритIур IокIотыхэшъ, шъхьафитэу мэуцух.

ЦIэхэр зыфашIыгъэхэу нэбгыритIу къыIохьэшъ, язырэм къеIо:

– Ядэ, ядэ, анахьыжъ.
– Хэт сызхэбгъадэрэр? – еIо Лэжъым.



— АмкӀышъырэ дышъэ уанэрэ.

Лэжъыр егупшысэ. Ежь зыфэе кӀалэм тыригъафэ шӀоигъу, ары шъхьакӀэ къэшӀэгъуай, хэт тӀумэ язэу «АмкӀышъэр», хэт «Дышъэ уанэр»?

— АмкӀышъэм сыд есшӀэн, дышъэ уанэр щытэу? — еӀо хэдэрэ Лэжъым.


Къахихыгъэр фай-фэмыеми ежь фэгъэзагъэу мэхъу. Джаущтэу Лэжъитӏур ахадэхэзэ, хьэрамыгъэ хэмылъэу, кӀалэхэр зэфагощы. Зы хьаблэм къыхэкӀыгъэ кӀалэхэр адрэ хьаблэм щыщхэм апэуцужьыхэуи мэхъу.

Нахь такъырыloy, нахь кlyaчlэ зиlэу, пытэу щытын зылъэкlыщтым ыпшъэ кlапэ горэ дэтlысхьэшъ, шыузэтес фэдэу ежьэ. Джаущтэу зэкlэ мэшэсыхэшъ, лъэныкъуитlур зэпэуцужьы. Зэбэнитlурэмэ яз къызефэхырэм, къезыдзыхыгъэр теклуагъ. Лъэныкъуитlумэ яз теклофэ зэбэных.



Лыуз зэрахырэп, ящыгъынхэри зэрэззlамытхъыным фэсакъых.







- Тэмэ шыузэбэным сыдэущтэу рыджэгухэра?
- Сыда амкlышъ зыфаlорэр?
- Хэта Лэжъ зыфаlорэр?



Тыгъужъ Махьмудэ исурэт еплъ. Кlэлэцlыкlумэ цlэхэр афэусых. Тэмэ шыузэбэн зэрешlэхэрэр къэlуат.



Сурэт къэгъэлъэгъуапlэм кlо. Кlэлэцlыкlу джэгукlэхэм яхьылlагъэу ашlыгъэ сурэтхэм яплъ. Уинэlуасэу ахэтхэр къыхэгъэщых ыкlи зэрэджэгухэрэр къэlуат.

ГУЩЫІАЛЪ

АДЫГАГЪ – адыгэ лъэпкъым зэдиштэгъэ шэн-зекІуа-кІэмрэ гупшысакІэмрэ.

АДЫГЭХЭР – ижърэ-ижъыжьым Кавказым лъэпкъ щыхъугъэх. Адыгэхэм фэшъхьафрэ цІыф лъэпкъхэр щэрджэскІэ къяджэх.

АДЫГЭ ХАБЗ – зэрэлъэпкъэу зэдаштэгъэ шэн-зекІуакІ.

АНЭШ – ным ылъэныкъокІэ Іахьылхэр (бзылъфыгъи хъулъфыгъи).

БЗЫПХЪ – щыгъыныр, лъэкъопылъхьэр, нэмыкІ пкъыгъохэр зытырашІыкІрэ хъупкъ.

БЗЭ – зы лъэпкъым щыщхэр зэгурызгъэІорэ амал.

БОЛГАРХЭР – славянхэм ащыщ цІыф лъэпкъ, урысхэм абзэкІи якультурэкІи апэблагъэх.

БЫН ІУЖЪУ – зы лІым текІыгъэ унагъоу лІэуж зытІущмэ ясабыйхэр зэрысыр.

БЫСЫМ – унагъоу хьакІэм уцупІэ фэхъугъэр е ащ ис хъулъфыгъэ анахьыжъыр.

БЫСЫМГУАЩ – унагъоу хьакІэм уцупІэ фэхъугъэм ис бзылъфыгъэ анахьыжъэу хъызмэтыр зезгъакІорэр.

ГРЕКХЭР – Европэм икъыблэ ихыгъэхъунэныкъоу Балканым лъэпкъ щыхъугъэх. Адыгэхэр ахэмэ урымкІэ яджэх. Илъэс минитІурэ шъихрэкІэ узэкІэІэбэжьмэ къэкощхи адыгэхэм яхэку къитІысхьагъэх.

ГЪУНЭГЪУ – унагъохэу хапІэкІэ зэпэблагъэхэр ары.

ДЕС – арап гущыІ, гъэцэкІэнэу еджакІохэм къаратхэрэр ары.

ДЭЕ БЭЩ – дэр къызпыкІэрэ чъыг зэичъым хэшІыкІыгъэ бэщ. Дэекур пытэ, лантІэ, кушъэпсми кІащыщтыгъэ.

ДЖЭГУ ЗЭХАЩ – кІэлэцІыкІу джэгукІэхэр зэхэзыщэрэ, ащ пащэ афэхъоу, джэгукІэм хабзэу хэлъхэр агу къэзгъэкІыжьэу, джэгукІэ хабзэр зыукъорэм пшъэдэкІыжь езгъэхьырэр.

ЕРМЭЛХЭР – Кавказым икъыблэ лъэпкъ щыхъугъэх. Адыгэ чӀыналъэм къызихьагъэхэр илъэс минрэ шъитӀурэ фэдиз мэхъу.

ЕТӀЭБАЙ – онджэкъ пашъхьэм ятӀэр аубэзэ дэпкъым рашӀылӀэщтыгъэ мэкӀай лъхъанч. ЕтӀэбаим унэ дэпкъыр джэныкъо машӀом щиухъумэщтыгъэ.

ЖАНТӀ – унэ пчъэ ихьагъум нахь пэчыжьэ чӀыпӀэу, онджэкъыр зэшӀылӀагъэм пэблэгъэ тӀысыпӀэр.

КЪЕБЛАГЪ – унагъом щымыщэу щагум е ащ иӀэгъочӀыгъо къихьэгъэ цӀыфым рапэсрэ шӀуфэс.

КЪОДЖЭХЬ-КЪОДЖЭШХ – хырыхыхь, чӀыпӀэрыс кӀэлэцӀыкӀу джэгукӀ, пкъыгъом е ом изытет уегупшысэмэ къэпшӀэжьынэу гущыӀэ щэрыо зэкӀужькӀэ къэзытхэрэр.

КӀЭПЩ – шыушыр зэрагъэӀорышӀэщтыгъэ Ӏэмэ-псым.

ЛЭЖЪ – кӀэлэцӀыкӀу джэгукӀэр зезыщэу, зыгъэӀорышӀэрэ пащ.

ЛЪЫТАКӀЭ – кӀэлэцӀыкӀу джэгукӀэм щыщ; къинагъэр къызэрагъэлъэгъорэ епчъэкӀ.

ЛЪЫТЭНЫГЪ – цӀыфышъхьэм, бзылъфыгъэм, хьакӀэм, нахьыжъым къызэрапекӀокӀрэ зекӀокӀэ гъэнэфагъ.

ЛЪЭБГЪУ – кӀэлэцӀыкӀу бэнакӀэм щыщ: лъэбгъу едзын; кӀорэ шъэожъыер бгъэлъэпэхъынтэныр ары.

ЛЪЭПКЪ – цӀыф лъэпкъ; дунаим тет адрэ цӀыф пстэум ыбзэкӀэ, игупшысэкӀэ, ипсэукӀэкӀэ, ишэн-хабзэкӀэ ахэгъэушъхьафыкӀыгъэ купэу зы чӀыналъэм гъэпсыгъэ щыхъугъэр ары.

ЛӀЭУЖ – зэрэлъф-зэрэпӀу унагъом щыщхэу анабжькӀэ зэтекӀрэ купхэу ны-тыхэр, ащ ябынхэр, ащ якъорылъфхэр.

НЫСАЦӀЭ – нысэу къащэгъакӀэм лӀакъоу къызхэхьагъэм гъэшӀо цӀэтедзэу фаусыщтыгъэр.

НЫЦӀЭ – ным исабый гъэкӀэкӀыгъэ е гъэшӀо цӀэтедзэу зэреджэщтыгъэр.

НЭНЭЖЪ – цӀыфым янэ янэрэ ятэ янэрэ.

ОНДЖЭКЪ – адыгэ джэныкъо машIом Iугъоу къыпыкIрэр ом дэзыщаерэ чыиф сырбышхо Iубгъор.

ПКЪЭУЖЪЫЙ – хьакIэщым, ижъырэ адыгэ унэ дэпкъым пчъэблыпкъым дакIоу пхъэдэсэ цIыкIоу хэIугъагъэхэр ары; пкъэужъыем хьакIэм, бысымым яIэшэ-шъуашэхэр палъэщтыгъэ.

ПХЪОРЭЛЪФ – пхъум исабыйхэр.

ПЧЪАБЛЭ – пчъэр зышIохэлъэгъэ пкъэухэр ары; пчъаблэм шъхьащыгъэкIотыгъэ мэхьанэу иIэр – унагъом итамыгъ.

ПIУАБЛ – IутIэным хэблыкIыгъэ пIэкIортехъу, дэпкъ дэIулI, нэмазлыкъ.

САБЫЙ – кIэлэцIыкIу, лъфыгъэ.

ТЕIО – цIыфым тхьапъэIоу, хъохъоу, е нэузырэу, е тазырэу тыраIощтыгъэр.

ТЭМЭ ШЫУЗЭБЭН – кIэлэцIыкIу бэнакIэм щыщ; зым ытамэ адрэр щышэсыгъэу нэбгыриплIыр зэбэных.

ТЭТАРХЭР – тыркубзэ зыIулъ цIыф лъэпкъэу гурыт лIэшIэгъухэм якъежьапIэм адыгэ шъолъырым къэкощхи къэтIысхьагъэх.

ТЭТЭЖЪ – ным е тым ят.

УРЫСХЭР – славян цIыф лъэпкъхэм ащыщых, я XVIII-рэ лIэшIэгъум ыгузэгухэм адыгэ чIыналъэм къэтIысхьэу фежьагъэх.

ФЭСАПЩИ – хьэкIэ пэгъокI шIуфэсэу адыгэхэм ахырэр ары.

ХАБЗЭ – лъэпкъым зэдиштагъэу ыкIи зэдигъэцэкIэрэ шэн-зекIуакI, гупшысакI.

ХЫРЫХЫХЬ – къоджэхь-къоджэшх; пкъыгъор, ом щыхъухэрэр къызэрашIэжьрэ псэлъэ зэгъэкIугъ. (Еплъ: къоджэхь-къоджэшх.)

ХЭГЪЭГУ – чIыналъэу зы лъэпкъ е лъэпкъ заулэ зы унашъокIэ, зы псэукIэ шъуашэкIэ, зы тарихъ гъогу горэкIэ зэпхыгъэхэу зыщыпсэухэрэр.

ХЭДЭН – а зы хъугъэ-шӀагъэм епхыгъэ Ӏофыгъо е пкъыгъо заулэхэм ащыщхэу зы къыхэпхыныр.

ХЭКУ – чӀыналъэу лъэпкъыр лъэпкъ зэрыхъухьагъэр.

ХЪУПХЪАПКӀЭ – кӀэлэцӀыкӀум е ныбжьыкӀэм зы Ӏоф горэ (загъорэ нахьыжъым илъэӀукӀэ) зигъэцакӀэкӀэ фагъэшъошэрэ тын.

ХЬАКӀЭ – унагъом щымыщэу охътэ гъэнэфагъэм къыкӀоцӀ быным тӀысыпӀэ-уцупӀэкӀэ къащыгугъэу къяуалӀэрэр.

ХЬАКӀЭЩ ӀАН – хьэкӀэ шхынкӀэ шыгъэ Ӏанэу хьакӀэщым ахьрэр.

ЦӀЭ – цӀыфхэр, пкъыгъо зэфэдэхэр рыхагъэунэфыкӀэу яунаеу зэряджэрэ гущыӀ.

ЧЕХХЭР – славян лъэпкъхэм ащыщ, зы къутыр хъоу илъэсишъэрэ шъэныкъорэм нахьыбаӀо хъугъэу адыгэ чӀыналъэм исых.

ШАПХЪ – Ӏофыгъо горэм, пкъыгъом, хабзэм зэдаштэгъэ ишъуашэу зэрагъапшэрэр.

ШХЫНЫ – гъомлапхъэу гъэхьазырыгъахэр.

ШЫОНЭЗЭТЕЛЪ – шыушым рахьылӀэрэ Ӏэпэщысэ пстэури кӀыгъоу.

ШЫПХЪУ – зын-зытым хэкӀыгъэ бзылъфыгъэр е ышым (адыгэхэмкӀэ) ипшъашъ.

ШЪХЬАФИТ БАН – цӀыфышъхьэм, лъэпкъым, хэгъэгум ифитныгъэхэр къэухъумэгъэным пае тетыгъо зиӀэ къулыкъушӀэ купхэм, е нэмыкӀ къэралыгъом пэуцужьынхэр, пэшӀуекӀонхэр.

ШЪХЬЭКӀЭФАГЪ – нахьыжъым, бзылъфыгъэм, хьакӀэм, хэбзэ зехьэ цӀыфым игуапэ ашӀэзэ къыпекӀокӀынхэр.

ШЪУАШ – лъэпкъыр, цӀыфым исэнэхьат къахэзгъэщрэ щыгъыныр.

ШӀУФАӀО – шӀукӀэ ехъохъуныр.


ШӀУФЭС – гопэ псалъэу нэбгыритӀур е цӀыф купитӀур зэрэзэпэгъокӀхэрэр.

IАНЭ – гъомлапхъэр зэрызэрахьэрэ псэуалъ; адыгэ Iанэр хъурай, лъэкъуищ.

IОФТАБГЭ – нахьыжъым е бзылъфыгъэм илъэIу нэмыкI чIыпIэ щыIэ Iоф горэ хьатыр фашIэу фызэшIозыхрэр.

IЭНЭ ШЫГЪ – Iанэм шхыныгъор зэгъэзэфагъэу тетмэ ары.

СУРЭТ КЪЭГЪЭЛЪЭГЪУАПІ



ПIэтIыощэ Феликс. **Хырыхыхьэхэр**



Заказ 0169



Пlэтlыощэ Феликс. **Хьаклыба-клыбыхъуа**



ФОТОВЕРНИСАЖ



Адыгэ Республикэм щыпсэурэ цӀыф лъэпкъхэм яшъуашэхэр



Урысхэм ядин мэфэкӀ



Адыгэ ныбжьыкӀэ джэгу

Лъэпкъхэм тызэкъот. (Узэкъотмэ улъэш)

Грекхэм янысащ



Чеххэм ямэфэкI



Тэтархэм ямэфэкI



Іанэ. Нанэ къуае рехы


Непэрэ Iэнэ шыгъ



Адыгэ лъэпкъ музеим иэкспозиций



ХьакӀэщ



Пшъэшъэ унэ











Дэтхэр

Учебное издание

Мира Юнусовна Унарокова

АДЫГСКИЙ ЭТИКЕТ

Учебник для 1 класса

На адыгейском языке

Художники: **А. М. Берсиров, Е. В. Абакумова**
Редактор **Н. С. Схаляхо**
Художественный редактор **Н. Г. Федотова**
Технический редактор **М. А. Кипова**
Корректоры: **С. М. Хабаху, С. А. Шхафижева**

ИБ № 50

Сдано в набор 19.09.2007. Подписано в печать 06.12.2007. Формат 84х108/16. Бумага офсетная. Гарнитура шрифта «Журнально-рубленная». Печать офсетная. Усл. п. л. 8,4. Уч.-изд. л. 4,34. Тираж 3500 экз. Заказ 0169.
Адыгейское республиканское книжное издательство. 385000, г. Майкоп, ул. Гоголя, 8.
ОАО «Полиграфиздат «Адыгея». 385000, г. Майкоп, ул. Пионерская, 268, тел. для справок: 52-23-92.